Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 24 (7578)
18 Май
хамиз
2023 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Иргадулаб данделъи



Араб анкьалъул ахиралда данделъи тIобитIана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул зам Хъ-М. ГIабдулхаликъов, бакIал районалъулгун заказ кьеялъул рахъалъ МБУялъул нач. ХI-М. ГIабдурахIманов, районалъул кадастровияб ва буголъиялъулгун гьоркьохъанлъиялъул МКУ-ялъул нач. М. МухIастанов.

БетIерасда цебе гьабураб, хIалтIул хIисаб кьуна Хъ-М. ГIабдулхаликъовас. Гьес аслияб куцалда тIадчIей гьабуна хасал программабаздалъун гьарулел хIалтIабазда. Гьенирго суалал рорхана республикаялъул инвестиционниял программабазда рекъон районалда гьаризе ругел хIалтIабазул. Гьеб программаялда рекъон Шамихъалаялда хисизе хIисабалде росул руго лъел трубаби, Унсоколо росулъе лъим бачиналъе хIалтIабиги гьаризе руго, ГьаракIуни школалъул мина бан лъугIизабиялде кIвар кьезе буго, исана кьучI лъезе буго Шамильхъалаялда жагъаллъараб ясли-ах баялъе, рагIалде бахъинабизе буго Майданскиялде газ бачиналъул хIалтIи ва Рихьуни рагIалде бахъинабизе буго I20 бакI бугеб школа бан. Гьеб объект хIалтIизабизе кьезе ккола гьаб соналъул 29 июлалде. ГьабсагIаталда унел руго Шамильхъалаялда нухал ва хIалхьи гьабиялъул бакIал къачIай, гьенир шартIал чIезари.

## Аслиял суалалгун



Араб анкьил ахиралда районалъул администрациялда иргадулаб данделъи тIобитIана лъай кьеялъулгун, туризмалда ва спорталда хурхун Гьеб бачана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI.НурмухIамадовас. Аслияб кьагIидаялъ данделъиялда кIвар бусинабула районалъул школазда ОГЭ, ЕГЭ кьеялде хIадурлъиялде. Гьеб рахъалъ бугеб хIалалъулги бицана лъай кьеялъул отделалъул нач. М. ХIайбулаевас.

Гьенибго физически яб культураялъул, спорталъул бугеб хIалъул бицана бетIерав специалист М. МухIамадовас. Бихьизабула ОГЭ ва ЕГЭ кьезе хIадулъулел рукIинаялъ спортивиял ишал школазда нахъ рахъун ругин. Лъалеб букIахъе 2-5 маялда нилъер районалъул ГIашилтIа росулъ букIана республикаялъул лъай кьеялъул хIалтIухъабазул туристазул ва край лъазабулезул слет. Гьелъие гьабун букIараб лъикIаб хIадурлъиялъухъ районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасе кьуна Баркалаялъул кагъат.

Украина: спецоперация

## РакIазулъ хутIиялъе



ЦIатIанихъ росдал М. Гьиматовасул цIаралда бугеб гьоркьохъеб школалда гьал къоязда лъуна Украиналъул хасаб рагъулаб операциялъулъ ч1варав гьеб школалъул цIалдохъан МухIамадов Шамиль МухIамадович ракIалда чIеялъе мемориалияб доска.

Роха-хинлъиялъул тадбиралда гIахьаллъана Шамилил гIел бащадал, ЦIатIанихъ росдал администрациялъул, районалъул администрациялъул ва культураялъул отделалъул вакилзаби, росдал гIадамал, цIалдохъаби. Киналго тадбиралда кIалъана, бихьизабула Ш. МухIамадов гьитIинаб къоялдасаго бихьинаб гIамалалъул, гIаданлъиялъулаб хасияталъул вас вукIанин.

Тадбиралда цебе босана Бергьенлъиялъул байрахъги.

Нилъер умумаз нацистазул кутакаб къуваталде дандеги рахъун, ккуна бергьенлъи. Лъазабуна умумаз бахъараб Бергьенлъи лъихъего кьеларин ва нилъер рухIияб къвак1и лъицаго бекизабизе гьечIин. Цебего гIадин хадубккунги бергьенлъи нилъехъ букIине буго,- ян бихьизабуна гьенир кIалъараз.

Рагъул темаялда

## ХIакъикъиял лъугьа-бахъиназдасан




Гьал къоязда Шамильхъалаялда тIобитIана «Нет экстремизму» абураб темаялда культуриябгун лъай кьеялъул ва ругьунлъиялъул акция. Гьенир гIахьаллъана лъай кьеялъул отделалъул нач. М. МухIамадов, гьебго отделалъул специалистал, районалъул администрациялъул хIалтIухъаби, АТКялъул специалистал, саназде рахъинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул испектар ХI-М. ХIасанов, ЕИСалъул хIалтIухъаби, педагогал ва цIалдохъаби.

Акциялъул гIахьалчагIазе кьуна методияб материал, тIахьал (буклетал, тIамчал, флерал ва цогидаби).

Гьенибго бихьизабула Лаказул Э. Капиевалъул цIаралда бугеб пачалихъиябгун драматическияб театралда лъураб «Невыплаканные слезы» спектакль. Поэма хъван букIана Э. Капиевас «Фронталъул дневникаялъул» кьучIалда. Гьеб ккола фронталъул гIумроялдаса рагъулав мухбирасул пероялъ хъвараб хъвай-хъвагIалдасан гьабураб поэма. Гьениб бихьизабулеб буго Северияб Кавказалда хъварал рагъулал тIамчаздасан хIакъикъиял лъугьа бахъинал.

## Кисанго рацIалъи букIинабиялъе

РДялъул правительствалъул председателасул зам. Н. АбулмутIалимовас дан-делъи ахIана Дагъистаналъул тIолабго территория къвакIарал каммуналиял хутIелаздаса бацIад гьабиялда хурхун. Гьес бихьизабуна регионалда рацIаракъалъи букIинабиялъул суал С. Меликовасул хъаравуллъиялда гъоркь бугин. Лъазабуна кисекибего республикаялда рацIалъи чIезабиялъул суал кодохъ босизе хIажат бугин. Аслияб суалалдасан кIалъазе вахъана РДялъул туризмалъул ва халкъиял промыслабазул рахъалъ министр М. ХIабибулаев. Гьесги тIад чIей гьабуна туризмалъул заманалда рацIалъи чIезаби аслияб суал кколин.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 24 (7578)
хамиз
18 Май 2023 сон

2 гьумер

ГЬал къоязда Дагъистаналъул Авиа-Аренаялъул майданалда унеб буго гІиял берцинлъиялъул ва гьелъул гьанал тІокІлъиялъул бицунеб фестиваль. Гьениб гІахьаллъи гьабулеб буго нилъер районалдаса «Унцукуль» ансаблялъул коллективалъ, цІулада ишал кьабун къайи гьабиялъул гІадамазги. Ансадерил махщалил кІудияб интерес ккана фестивалалде рачІаразе.
ГІиял фестивалалда рихьизарулел руго берцинго къачІарал ва гьанада тІагІам бугел цІани, чахъаби, куял.



Украина: спецоперация

# БахІарчилъиялъе бакІ камуларо



Щивасда якъинго бихьулеб букІахъе гІасрабаз лъугІулеб гьечІо Россиялдехун гьабулеб тунка-хІусиги жахІда-хІусудги НАТОялда гьоркьоре унел хІукуматазул. Дунялалулго кверщел жидехъ букІине кколин абураб пикру буго гьезул. Россиялъул сабру лъугІизабиялъе І4 соналъ гІазаб-гІакъуба гьабуна гьезуги гІуцІабаз Украиналъул гІурус миллаталъун халкъалъе, рескьотІуде Россия ккеялъе Белоруссиялъул гІорхъабазде щвезегІан сверун ккуна Украиналъул республикаби. Гьелдехун дандечІей гьабураб Россиялде рехана Украиналда рагъул ишал байбихьиялъул гІайиб. Гьедин букІиналъ Россия ккана хехаб рагъулаб операция гьабичІого рес гьечІеб ахІвал-хІалалде. Гьелъие гІоло улкаялда унеб буго хехаб мобилизацияги, рагъулаб хІадурлъиги. Гьедин бук1иналъ улкаялъ ахІи балеб буго тушман кІалалъе виччачІого ВатІан цІунизе рахъа,-ян.

Киса-кибего гІадин ВатІаналъул гьеб ахІиялъе жаваб гьабурал гІолилал дагьал гьечІо нилъер районалда. Гьединазул цояв ккола гьал къоязда нижер пресс-хъулухъалъ гьоболлъухъ ахІун вукІарав Унсоколо росулъа Украиналъул Донецк республикаялда унел рагъулал ишазда гІахьаллъулев СагІадула МахІачевги.

Рагъул ахІвал-хІал Украиналда байбихьилалдего хал ккун букІана СагІадулагьица гьениб гІурус халкъалъ гІумро гьабулел бакІазул рагъул лъугьа-бахъиназда хадуб. Гьезда бугеб зулмуялъгун ритІухълъи гьечІолъиялъ тІамуна гІолилав хасаб рагъулаб операциялда гІахьал-лъизе ине.

Лъалеб букІахъе 2022 соналъул 24 февралалда бай-бихьана хасаб рагъулаб операция Украиналда. Гьениб лъугьа-бахъунелда хадуб хал ккун букІана щибаб къойилго гІолилас. Гьебго соналъул сентябрь моцІалда хасаб рагъулаб операциялда гІа-хьаллъизе конт-рактги хъван, ана гьев. БачІинахъего ккана Чачаназул Шали округалда бугеб рагъулал ишазде хІадурлъиялъул курсазде. ЦІакъо къокъаб букІана цІалиги хІадурлъиги. БукІинчІо кинго гьеб халат бахъинабизе рес. ЛъачІого рес гьечІел жал лъазариялде кІварги кьун, гьал ритІула Донецкаялда гІуцІараб самоходнияб артилерриялде. Гьеб ккола рагъул майданалде аслияб полк бачІиналде цебе бугеб нух бацІцІад гьабулеб, ай разведкаялъго гІадин цебе бугеб хІал лъазабиялъулгун, хадусеб хІалтІиялъе нух рагьулеб группа. Гьезда бараб букІуна цІикІкІараб зарал ккечІого аслияб рагъул полк цебехун ин ва къеркьеялъул хІасил ккей. Бицен гьабулеб иш ккана Еленовкалъул ракьалда. Гьазул артиллериялъ гьокьоре рачун рукІана І70 гІанисев чи. Гьел рикьулаан лъабго группаялде; охранаялъулги, кІиго ишалъулабги группабазде. Артиллериялъухъ букІана І7 рагъулаб автомашина ва 40 ракета тІад бугеб «Град» абураб установка, гьеб хІалтІизабулаан КАМазалда тІасан С. МахІачовас. Жедехъего щварал баяназда рекъон бихьизабураб бакІалде ракетабазул залпалги гьарун, цо минутгун бащадалде нахъе ине кколаан гьел бихьизабураб бак1алдаса. Гурони цІикІкІарал камиял ругел балагьал иш ккезе рес букІунаан рагъул майданалда. «Къо бахъанагІан ругьунлъулин абухъего рагъул ишал байбихьаралдаса жакъа къоялде щвезегІан лъабго чи гурони нижер артиллериялъул чІвачІо, гьениб чІезабун букІана гІадлуги цІодорлъиги» –ян бицана СагІадулагьица. -Бищунго кІочонареблъун дие буго Еленовкаялда цо ангараялда ккараб лъугьа-бахъин. Гьелъул халалъи букІана гІага-шагьарго І00 метр, гІеблъи 50 метр, борхалъи букІун батизе бегьула І0 метр. Хадусеб ишалъе санагІалъи букІун гьенир чІун рукІана ниж сордо бан. Лъабго машинаги 20 чиги вукІана нижер. РакІалдаго гьечІого кутакаб кьвагьи бахъана, гьелъул кутакалъ ниж рахъ-рахъалде рехана, амма чІварал ккечІо. Гьеб лахІзаталда снаряд тІаде бортун лъукъана дир хІетІе, госпиталда бана 26 къо.

Рагъулаб операциялда СагІадула лъукъана к1иц1улго. ТІуванго сахлъун гьечІолъиялъ гьев гьабсагІаталда отпускаялда районалда вуго.

ГІумроялъул х1албихьиялдасан бачІараб аби буго. «БахІарчилъиялъе бакІ камуларо», абураб. Заманаялъул хаслъабаз сурав босулеб буго жакъа нилъер гІолохъабаздасан. КигІан захІмат бугониги ВатІан цІуниялъул хІурматияб ишалда вукІиналдаса чІухІулев вугоан СагІадула МахІачев. «Жакъа гІадаб къоялъ бихьинал хІинкъани, ВатІан лъицаха цІунилеб»,- ян махсаро гьабуна гьес. Ват1ан ц1униялъул ишалъулъ жиндирго бутІа букІиналдаса ч1ухІизе бегьула районалъул гІолохъабазе мисаллъун чІарав гІолилав.

ТІохьол презентация

# МустахІикъаб борхалъи

Гьал къоязда МахІачхъалаялъул ЦІадаса ХІамзатил цІаралда бугеб миллияб библиотекаялда букІана аваразул машгьурав композитор, поэт, хъвадарухъан Каримулагь ГІабдулаевасул гІагараб заманалда къватІибе бачІараб «Дир гІумродул ракІалде щвеял»- абураб тІехьалъе презентация гьаби. Библиотекаялъул залалде ракІарун рукІана гьесул гІага-божарал, росу цоял, гьесие кІиабилеб росулъун ва районлъун лъугьараб Унсоколо районалдаса гьесул-гьалмагъзаби, лъале-хъвалел, къокъго абуни даимгоялъе гІагараллъун лъугьарал гІадамал. Гьенир гІахьаллъизе ахІун рукІана цо заманалда Каримулагь цадахъ хІалтІарал Унсоколо культураялъул рукъалъул хІалтІухъаби К-Г1 ГІабдурахІманов, М. МухІамадов, Н. ГІамирханова, Унсоколо районалъул «Ахихъан» газеталъул бетІерай редактор С. КъебедмухІамадова, районалда хІалтІулаго вацаллъун, гьудулзабилъун ва рукъалъул чагІилъун Каримулагьие лъугьарал гІадамал.

Презентациялда гІатІидго гьоркьоб лъуна К. ГІабдулаевасул тІехь. ЦІикІкІараб къимат кьуна гьесул композиторлъиялъулгун, хъвада-рухъанлъиялъул творчествалъе г1ахьаллъараз. КІалъазе рехъарал рикІкІен гІемерал гІадамазда цадахъги гьенир кІалъана ГІ-К ГІабдурах1манов, С. КъебедмухІамадова, Н. ГІамирханова. Гьезги бихьизабуна педагогиялъул институталда музыкалияб факультетги лъугІизабун, Унсоколове хІалтІизе вачІарав К. ГІабдулаев щивасе вацлъуни васлъуни, росулъа чилъуни лъугьанин. ХІакъикъаталдаги К. ГІабдулаев



Унсоколове вачІарал саназ гІемерго цебетІуна районалда музыкалиябгун культурияб рахъ. Щивасулин абуниги рохалил тадбиразулъ гІахьаллъулаан гьев, интересаб куцалда бачунаан гІицІго районалда тІоритІулел тадбирал гурелги гІадамазул бертабиги. Гьев вукІана ансадерил киналго тІоритІулел рохалил тадбиразда гІахьаллъун, гьезие чІаголъи кьолев, гьабулелъулъ ракІ бацІцІадав инсан,-ян бихьизабуна кІалъазе рахъараз.

МагІарулазул машгьурав композитор, поэт, хъвадарухъан К. ГІабдулаев гьавуна І956 со-налъул І3 маялда ЦІумада районалъул Хуштада росулъ. Гьев ккола щунусго бакъаналъул автор, хъвана кІучІдул ва ахиралда «Дир гІумроялъул ракІалде щвеял»,-абураб прозаялъул тІехь. Гьеб абуни чиясул гІумроялъул кІудияб нахърател ккола. МагІарулазул коч1охъабаз гъираялда ахІула гьесул бакъназда ва рагІабазда кучІдул.

ТалихІавлъун вукІуна чи бачІинахъего гІумроялъулъ икъбал ккани, гьеб батизе абуни хІажалъула битІараб тІаса бищи, аскІов киналъулго рахъ кколев инсан вукІин. Гьайбатаб гІамалалъул гІадан-цадахъ Шагьрустангун рекІел анищал тІурараб гІумро гьабулеб буго Каримулагьица. Гьелъул кверчІваялъги кумекалъги кІвана гьесда бечедаб рухІияб бечелъиялъул нахърател гІолеб гІелалъе тезе,



ва талих1аб хъизан г1уц1изе.

Ансалги рохарал руго къогоялде г1агарун соналъ жидер хьолбохъ чІун гІумро-яшавалъе кумекалъе ватарав инсанасул гьел творческиял рорхалъабаздаса.

**Гьумер х1адурана**
**С. КЪЕБЕДМУХІАМАДОВАЛЪ**

# Список унцукульцев,оказавшихся в немецком плену в годы Великой Отечественной войны

45.Ладжимирзаев Башер, 1902 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Унцукуль. В плен попал не позднее 18 апреля 1944 г. Погиб в плену 30 ноября 1944 г в гор Берген-Бельзен, могила № 19485 Жена Анна Ивановна жила в Новочеркасске.

46.Магамаев Абдул Абдуллаевич, 1908 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Унцукуль. Рядовой. В плен попал 29 мая 1942 г. Освобождён 9 мая 1945 г

47.Магомедалиев Гаджи Гаджиевич, 1923 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Унцукуль. Рядовой. В плен попал 29 мая 1942 г. Освобождён 9 мая 1945 г.

48.Магомедов Абакар, 1917 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Гимры. В РККА с 1939 г. Рядовой 144 сп. В плен попал 8 июля 1941 г в гор Минск. Погиб в плену 10 сентября 1941 г. 49.Магомедов Абдула Магомедович, 1911 г.р., ДАССР, Унцукульский р- н, Кахаб-Росо. Рядовой 78 сп. В плен попал 27 мая 1942 г в гор

Харьков. Погиб в плену 30 июня 1944 г. (в гор Форбах). Родные Патимат. Совершил 2 побега.

50.Магомедов Ахмед, 1907 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Балахани. Рядовой. Попал в плен 1 мая 1942 г на Харьковском направлении. Жена Магомедова Ханикай. Освобождён 2 февраля 1945 г.

51.Магомедов Гази, 1912 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Аракани. Рядовой 31 сп. В плен попал в 1942 г в гор Харьков. Отец Гази Магомедов. Освобождён 9 мая 1945 г.

52.Магомедов Ибрагим (Ебрагим) Каджальевич, 1919 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Унцукуль. Рядовой 55 танковой бригады. В плен попал 14 октября 1942 г. в районе Карманово. Мать Османилова Айшат. Освобожддён 9 мая 1945 г.

53.Магомедов Тагир Тагирович, 1914 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Унцукуль. Сержант. В плен попал 1 октября 1942 г. Освобождён 6 мая 1945 г.

54.Магомадов Шарапудин, 1903 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Балахани. Рядовой. Погиб в плену 17 февраля 1943 г. в гор Остров, могила № 289

55.Магометов Абдулжабар Гусенович, 1917 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Ирганай. Рядовой 9-ё роты 255 сп 123 сд. Попал в плен 7 апреля 1942 г. Освобождён 21 апреля 1945 г.

56.Магомедов Гаджию, 1901 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н. В плен попал 1 августа 1942 г в районе гор Армавир. Освобождён 4 мая 1945 г. Родные Магомедова Хадызат, Унцукуль.

57.Магомедов Исса Нурмагомедович, 1909 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Цатаних. В плен попал 10 марта 1942 г под Харьковом. Мать Магомедова Умукусум Магомедовна. Освобождён 10 апреля 1945 г.

58.Махачев Магомед, 1909 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Муксук (Моксох). Рядовой. В плен попал 20 мая 1942 под гор Харьков. Жена Патимат Магомедовна, Кекебичский р-н, Энта. Освобождён.

59.Махмудов Магомед, 1915 гш.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Цатаних. Рядовой. В плен попал 6 декабря 1942 г в гор Моздок. Погиб в плену. Мать Сатаник.

60.Махомедов Али, 1904 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Муксус (Моксох). Рядовой. В плен попал в 1942 г. Жена Аримеседо Жеватуваровна. Освобождён.

61.Махометов Сагат, 1912 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Харачи. Рядовой. В плен попал. Освобождён.

62.Нуцалханов Абдула Сурхаевич, 1920 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Гимры. Рядовой 31 рабочего батальона. Попал в плен 25 мая 1942 г в гор Харьков. Донесение об освобождении из плена № 103086 от 23 ноября 1944 г управления 299 сд.

63.Передагов Магомет, ???? г.р., ДАССР, Унцукульский р-н. Рядовой раб батальона. В плен попал. Освобождён. Донесениен об освобождении из плена № 16550 от 29 апреля 1943 г Ставропольского РВК.

64.Тайшбиф Магамет, 1906 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Кудутль. В плен попал. Освобождён. Дочь Магометова Захрат. Донесние об освобождении из плена № 68792 от 5 сентября 1954 г. ОУП 1-й ударной армии.об 65.Тебиро Дзиалди Хура-Магомедович, 1904 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Ашильта. Рядовой. В плен попал 22 сентября 1942 г в гор Нальчик. Погиб в плену 17 марта 1943 г в гор Форелльскруг-Зенне, могила № 10927

66.Фатули Амардахим Апсаратович, 1906 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Унцукуль. Рядовой. В плерн попал 28 июня 1942 г в гор Курске. Погиб в плену 18 июля 1944 г в гор Эрбеке. Родные проживали в Астраханской обл, Зензели.

67.Хаджалов Магомед Магомедович, 1905 г.р., ДАССР, Унцукульский р- н, Зирани. Рядовой. В плен попал 2 сентября 1942 г в гор Майкоп. Освобождён 2 февраля 1945 г.

68.Хайбулаев Магомед, 1900 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Колоб. Рядовой. В плен попал 16 июля 1942 г в гор Миллерово. Погиб в плену 13 апреля 1943 г. в гор Проскуров (Раков).

69.Хучбарев Казами Усаюмович, 1899 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Колоб. Рядовой раб батальона. В плен попал 11 июля 1942 г. в гор Ростов. Погиб в плену 6 апреля 1943 г. в гор Нёйбранденбург. Мать Абакарова Сунка.

70.Чайхов Магумед, 1913 г.р., ДАССР, Унцукульский р-н, Балахани. Рядовой. В плен попал 26 мая 1942 г. Освобождён 7 мая 1945 г.

## Информирование о важности прохождения диспансеризации и профилактических медицинских осмотров в целях оценки состояния здоровья, раннего выявления онкологических, сердечно-сосудистых и других заболеваний

Диспансеризация и профилактический медицинский осмотр проводится бесплатно по полису ОМС в поликлинике по месту жительства(прикрепления) в соответствии с Приказом Министерства Здравоохранения РФ от 27 апреля 2021 г. № 404н «ОБ УТВЕРЖДЕНИИ ПОРЯДКА ПРОВЕДЕНИЯ ПРОФИЛАКТИЧЕСКОГО МЕДИЦИНСКОГО ОСМОТРА И ДИСПАНСЕРИЗАЦИИ ОПРЕДЕЛЕННЫХ ГРУПП ВЗРОСЛОГО НАСЕЛЕНИЯ».

Профилактический медицинский осмотр проводится ежегодно:
- как самостоятельное мероприятие;
- в рамках диспансеризации;
- в рамках диспансерного наблюдения (при проведении первого в текущем году диспансерного приема).

**Диспансеризация проводится:**
- 1 раз в 3 года для граждан в возрасте 18 – 39 лет.
- ежегодно для граждан в возрасте 40+ и отдельных категорий граждан:

Диспансеризация направлена на раннее выявление основных факторов риска развития хронических неинфекционных заболеваний, т.е. снижение инвалидности, преждевременной смертности и увеличение продолжительности жизни.

Профилактические мероприятия проводятся для работающих и неработающих граждан в возрасте 18 лет и старше и направлены на раннее выявление (скрининг) хронических неинфекционных заболеваний: сердечно- сосудистых, бронхолегочных, онкологических, сахарного диабета, заболеваний ЖКТ. эндокринной системы, болезней системы кровообращения и т.п.);

Диспансеризация позволит сохранить и укрепить здоровье, а при необходимости своевременно провести до обследование и лечение.

Консультации врачей и результаты тестов помогут не только узнать о своем здоровье, но и получить необходимые рекомендации об основах здорового образа жизни или по выявленным факторам риска.

Граждане проходят диспансеризацию в медицинской организации по месту жительства (прикрепления), в которой они получают первичную медико- санитарную помощь (в поликлинике, во врачебной амбулатории). Каждый человек, который хотел бы пройти диспансеризацию, должен обратиться к своему участковому терапевту. Пройдите бесплатно диспансеризацию и профилактический медицинский осмотр, чтобы убедиться, что все показатели вашего здоровья в норме и не пропустить первые и скрытые признаки серьезных заболеваний! Диспансеризация представляет собой комплекс мероприятий, включающий в себя профилактический медицинский осмотр и дополнительные методы обследований, проводимых в целях оценки состояния здоровья.

**Как пройти диспансеризацию, если вы работаете?**

-Работники при прохождении диспансеризации в порядке, предусмотренном законодательством в сфере охраны здоровья, имеют право на освобождение от работы на один рабочий день один раз в три года с сохранением за ними места работы (должности) и среднего заработка.

-Работающие пенсионеры, а также работники пред пенсионного возраста (в течение пяти лет до наступления пенсии), имеют право на освобождение от работы на два рабочих дня один раз в год с сохранением за ними места работы (должности) и среднего заработка.

-Работник освобождается от работы для прохождения диспансеризации на основании его письменного заявления, при этом день (дни) освобождения от работы согласовывается (согласовываются) с работодателем (ТК РФ Статья 185.1.).

Органы управления здравоохранением субъекта РФ обязаны организовать прохождение гражданами профилактических мероприятий, в том числе в вечерние часы и в субботу, а также предоставить возможность дистанционной записи на приемы (осмотры, консультации и т.п.) в рамках профилактических мероприятий.

**Буйнакский филиал ТФОМС**

Туризм

# Кумекалъе ратаразе-баркала

Щибаб соналда республикаялда педагогазда гьоркьоб тIобитIула туриста-зул слет. Исана иргадулаб слет тIобитIизе гьезул нухмалъиялъул хIукму ккана нилъер районалъул ГIашилтIа рохьоб.

Республикаялъул слеталда Унсоколо туристазул станциялъул хIалтIухъабаз кидаго жигараб гIахьаллъи гьабула. Исанаги гьез кIудияб ва щвалде щвараб хIадурлъи гьабун букIана слеталде команда хIадурулъиялъе, нилъехъего рачIарал гьалбал къабул гьариялъе. ТIолабго коллектив цадахъ бахъун, бищун цебе гьез букIинабуна рохьоб рацIцIалъи, бакIарана ва нахъе босана мусор, хIадурана поляна туристазул къецазе.

3 маялда букIана слет рагьи, гьениб хIадурун ва тIубараб къоялъ рагьун букIана шатер «Родной очаг», чIезабун букIана хIадурараб умумузул квен-тIех тIаде рачIарал гьалбадерие. Тадбир



рагьана Унсоколо искусствоялъул школалъул лъималазул кьурдул коллективалъ. Гьез цIакъ берцин гьабуна тадбир, станциялъул коллективалъ ансамблялъул нухмалъулезеги, лъималазеги кIудияб баркала загьир гьабулеб буго тадбиралда гьабураб лъикIаб гIахьаллъиялъухъ.

Гьединго абизе ккола, гьеб слет нилъер районалда гьабизе хIукму ккедал Унсоколо росдал бетIер ХIабиб ГIабдулаевас рагIи кьуна кинабго рахъалъ бажарараб кумек гьабизе. Гьедин 2-5 маялда поляналда чIезабун букIана лъел цIураб машина ва цогидабги хIажатабщинаб. Гьесиеги кIудияб баркала загьир гьабулеб буго станциялъул коллективалъ.

Тадбир гIуцIадго иналъе цIикIкIараб кумек щвана районалъул лъай кьеялъул отделалъул нач. М. МухIамадовасдасан. КIудияб баркала буго гьесие нижер коллектавалъул рахъалдасан. Баркала загьир гьабизе бокьун буго тадбир берцин гьабурал культураялъул х1алт1ухъаби М.Г1умардибировасе, М.Х1адисавасе, П. мух1амаевалъе, Г1. Г1абдусаламовасе, Г1. Г1абду-рах1мановасе.

Республикаялъул пикру цебе тIурал лъималазул «Алтаир» централъул нухмалъулезги туризм цебетIезабиялъе х1алт1ухъ гьабураб хIалтIухъ грамотаби кьуна нижер хIалтIухъаби М. ХIамзатовасе, М. ХIайбулаевасе, Л. МухIамаевасе ва станциялъул гIемерал соназ лъималазе туризмалъул лъай кьолел ругел хIалтIухъаби Ш. ГIабдулаевасе ва П. Абакаровалъе. Гьезие кьуна ХIурматиял грамотаби.

Ниж руго районалда туризм цебетIезабиялъе кинабго гьабулеб организациялъул хIалтIухъаби. Гьаб нухалда гIадин цоги организациязда кIвар кьуни, жеги хIалтIи лъикI гIуцIизе гьира букIине рес буго нилъер.

**СЮТалъул коллективалъул рахъалъ хъвана**

**П. ХIайбулаевалъ**

Спорт

# Ясазда гьоркьор-къецал

9 маялда цересел къоязда Унсоколо №2 гьоркьохъесеб школалъул МКУялда тIобитIана районалда тIоцебесеб бакIалъе гIоло школазда цIалулел ясазда гьоркьор торгIоялъул къецал. Гьеб сайгъат гьабун букIана кIудияб Бергьенлъиялъул байрамалде ва Дагъистаналъул кIудияв поэт Р. ХIамзатов гьавуралдаса I00 сон тIубаялъул юбилеялде.

Къецазда гIахьаллъана щуго команда: Гьел ккола Шамихъалаялъул гьоркьохъеб школалъул, Унсоколо№2 гьоркьохъеб школалъул, ХъахIабросдал гьоркьохъеб школалъул, Зирани гьоркьохъеб школалъул ва ГIашильтIа гьоркьохъеб школалъулги командаби.

Гьаб соналъул хIаруцарал къецазда тIоцебесеб бакI ккуна Шамильхъалаялъул школалъул командаялъ ва гьеб рикIкIана бергьенлъи босараблъун, 2 бакI щвана Унсоколо №2 школалъе, 3 бакI-ХъахIабросдал школалъе.

Къецал тIоритIиялъе кумек гьабуразе ва бергьаразе кьуна ХIурматиял грамотаби

# Шамилов МухIамад Базарганович



Гьаб соналъул 26 апрелалда нилъедаса ватIалъана районалъул унго унгояв патриот, х1алимав инсан, Генуб росулъа МухIамад Шамилов.

Шамилов МухIамад Базарганович гьавуна I939 соналда Унсоколо районалъул Генуб росулъ гIадатияб хъизаналда.

Жиндирго захIмата-лъул нух М. Шамиловас байбихьана I957 со-налда МелъелтIа росулъ байбихьул классазда учительлъун хIалтIулаго. I958 соналдаса нахъе хIалтIана Генуб гьоркьохъеб школалда байбихьул классазул учительлъун.

I96I соналда цIализе лъугьана Дагъистаналъул педагоглъиялъул институталде химиялъулгун биологиялъул факультеталде, гьеб лъугIана I966 соналда. I973 соналде щвезегIан хIалтIана школалда химиялъулгун биологоиялъул учительлъун. Гьенисан вачана директорасул замлъун, хадув школалъул директорлъун. I973 соналда ана Советияб Армиялде хъулухъ гьабизе.

ТIадвуссун хадув М. Базарганович вачана Унсоколо районалъул партиялъул райкомалъул пропагандаялъулгун агитациялъул отделалъул завлъун. Хадув хIалтIана ЧIикIаб ГЭС баялъул бакIалда профкомлъун, Шамильхъала поселокалъул администрациялъул бетIерасул замлъун.

М. Шамиловасул хIаракаталдалъун кIудияб хIалтIи гьабулаан Генуб росулъги жамагIаталъе лъикIлъиялъе. Гьедин росдал мажгиталдаса бахъараб гIурухъе щвезегIан канализация гьабуна, гьединго бачана росулъе гьекъезегун ахал-хурзал лъалъазе лъим.

Киналго районалда гьарулел хIалтIабазе МухIамад вукIана жигарав, гIакъилав кумекчилъун. ВукIана гьайбатаб хъизаналъул бетIер, тарбия кьуна ункъго лъимадуе. ГIолеб гIелалъе вукIана лъикIав насихIатчилъун, кидаго росдал ва районалъул гIадамазда гьоркьов вукIана къадру-къиматалда. Росдал нухмалъулезе вукIана унго-унгояв кумекчилъун, цадахъ х1алт1улезе гIакълучилъун, рак1 унтун кумекалъе ватулев х1алимав инсанлъун.

Ахирияб заманалда МухIамадица бетIерлъи гьабулеб букIана росдал чIахIиязул Советалъе.

Районалъул администрациялъ, районалъул информационнияб хъулухъалъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Генуб росдал жамагIаталда ва хъизан-лъималазда

**Шамилов МухIамад**

нилъедаса ватIалъиялда бан. Аллагьас гьесие алжан насиб гьабун батаги, нахъе ругезе сабруги кьеги!

«Унсоколо район» МОялъул Администрациялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго бетIер ГI. НурмухIамадовасда, вацазда,яцазда ва тIолабго гIагарлъиялда эбел

**Хадижат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас гьей имамалда тIойитIун ятаги, нахъе ругезе сабруги кьеги!

«Унсоколо район» МОялъул ЕИСалъул ва районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасда, вацазда, яцазда ва гIагарлъиялда гьезул эбел **Хадижат** къадаралде щвеялда бан.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 18. 05. 2023 г. 15. 10
фактически -16. 10 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1002 экз.